

BAB III METODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab bakal medar ngeunaan métode-métode naon waé nu dipaké pikeun panalungtikan. Métode anu dipaké di antarana aya métode panalungtikan, desain panalungtikan, téhnik panalungtikan (téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data), instrumén panalungtikan (instrumén panalungtikan ngumpulkeun data jeung instrumén panalungtikan ngolah data), sarta data jeung sumber data (idéntitas data jeung idéntitas pangarang).

3.1 Métode Panalungtikan

Métode panalungtikan mangrupa cara *ilmiah* pikeun meunangkeun data jeung tujuan sarta kagunaan nu tangtu. Aya opat nu kudu diperhatikeun dina métode panalungtikan nyaéta data, cara ilmiah, tujuan, jeung kagunaan nu tangtu (Sugiyono, 2020, kc. 2).

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kualitatif. Kualitatif mangrupa panalungtikan dumasar kana narasi jeung déskripsi data. Ku kituna panalungtikan kualitatif leuwih dominan ngagunakeun pedaran nu sipatna interprétatif tibatan ngagunakeun angka (kuantitatif). Saluyu jeung nu ditétélakeun ku Denzin & Lincoln (dina Ahmadi, 2019, kc. 3) yén panalungtikan kualitatif leuwih ngandelkeun kana kualitas, kréativitas, jeung daya interprétasi nu luhur dina ngahasilkeun pamanggih nu hadé.

Sedengkeun nurutkeun Creswell (2016, kc. 4) métode kualitatif mangrupa métode-métode pikeun maham ma'na nu nurutkeun sababaraha individu atawa kelompok dianggap asalna tina masalah sosial jeung kamanusaan. Métode kualitatif ngabutuhkeun pamahaman ma'na-ma'na kana objek nu ditalungtik, ku kituna salah sahiji léngkah pikeun maluruhna nyaéta ku panalungtikan déskriptif analitik. Saluyu jeung nu diébréhkeun ku Arikunto (2014, kc. 282) yén Panalungtikan déskriptif analitik nyaéta panalungtikan anu dimaksudkeun pikeun maluruh kaayaan, hiji kondisi, atawa hal séjén.

Ku kituna pikeun ngadéskripsikeun struktural jeung ajén-ajén atikan karakter nu aya dina buku kumpulan carita budak *Ulin di Monumén* ngagunakeun pamarekan déskriptif analitik.


3.2 Desain Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2014) desain panalungtikan mangrupa rarancang nu dijieun ku panalungtik minangka tahap-tahap kagiatan nu rék dilaksanakeun. Désain panalungtikan mangrupa bagan ngaguluyurna tahapan panalungtikan anu ngagambarkeun léngkah-léngkah dina panalungtikan. Désain panalungtikan digunakeun pikeun mantuan gawé nu nalungtik sangkan nalika ngalaksanakeun panalungtikanana bisa lumangsung sacara sistematis jeung puguh léngkah-léngkahna. Lian ti éta désain panalungtikan bisa ngahasilkeun hiji logika. Ieu di handap mangrupa désain atawa bagan ngeunaan léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan.

Bagan 3.1

Desain Panalungtikan

Nangtukeun Masalah



3.3 Téhnik Panalungtikan

Pikeun medar jeung ngajéntrékeun data struktur carita jeung ajén atikan karakter nu aya dina kumpulan carpon *Ulin di Monumén* dibutuhkeun téhnik panalungtikan anu ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung téknik ngolah data.

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nyaéta léngkah nu pangpentingna dina panalungtikan sabab udaganna pikeun maluruh sakabéh data. Nurutkeun Arikunto (2014, kc. 265) nétélakeun yén téhnik ngumpulkeun data téh mangrupa cara pikeun panalungtik ngumpulkeun data dina panalungtikanna.

Tékhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan téh nyaéta téknik maca jeung téknik nyutat. Anapon léngkah-léngkah téknik maca téh nyaéta:

- 1) maca sacara gemet sakabéh eusi carpon anu dipilih minangka fokus panalungtikan;
- 2) méré tanda dina bagian-bagian nu saluyu jeung rumusan masalah;
- 3) ngainterprétasikeun bagian-bagian nu aya hubunganana jeung rumusan masalah; jeung
- 4) ngadéskripsikeun sakabéh data nu geus dicangking tina éta léngkah-léngkah.

Sedengkeun léngkah-léngkah nyutat nu dilaksanakeun téh nyaéta nyutat hasil déskripsi jeung nyutat tulisan-tulisan data dina kumpulan carpon Ulin di Monumén anu bisa mangrupa unit kalimah jeung subkalimah.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Sanggeus ngumpulkeun data, léngkah satuluyna nu perlu dilakukeun nyaéta kagiatan téhnik analisis nu digunakeun pikeun ngolah data. Anu dianalisisna tina segi struktural jeung ajén atikan karakter ku cara nyusun papasingan, nganalisis, jeung nafsirkeun data kalawan gemet. Ieu di handap aya sababaraha léngkah-léngkah dina ngalaksanakeunana nya éta:

- 1) mariksa deui data nu geus dikumpulkeun;
- 2) maca jeung nyieun papasingan data pikeun dianalisis;
- 3) nganalisis tur ngadéskripsikeun unsur intrinsik (struktural) jeung ajén atikan karakter nu aya dina kumpulan carpon *Ulin di Monumén*;
- 4) nyindekkeun atawa nyieun kasimpulan hasil analisis data.

3.4 Instrumen Panalungtikan

Instrumém panalungtikan mangrupa alat atawa fasilitas anu dipaké ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan gampang diolahna (Arikunto, 2014, kc. 203). Nurutkeun Sugiyono (2020) nétélakeun yén nu jadi instrumén dina panalungtikan kualitatif nya éta panalungtikna. Dina panalungtikan kualitatif posisi panalungtik minangka *human instrument*, nu fungsina netepkeun fokus panalungtikan, ngumpulkeun data panalungtikan, ngajénan kualitas data, nafsirkeun data, jeung nyieun kacindekan tina pamanggihna.

Dina ieu panalungtikan, instrumén anu digunakeun dibagi jadi dua, nyaéta instrumén panalungtikan dina ngumpulkeun data jeung instrumén panalungtikan dina ngolah data. Instrumén dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun nganalisis struktur kumpulan carpon *Ulin di Monumén* anu satuluyna nganalisis 18 ajén atikan karakter nurutkeun Kemendiknas.

3.4.1 Instrumén Panalungtikan Ngumpulkeun Data

Instrumén panalungtikan anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data, nyaéta instrumén tabél céklis buku sumber, tabél struktur carpon, jeung tabél ajén atikan karakter. Dina ieu panalungtikan buku-buku sumber didata anu eusina ngarojong kana panalungtikan. Sanggeus ngadata buku, tuluy buku-buku éta dibaca sabari dipilih, mana buku nu bakal digunakeun sarta jadi buku babon dina panalungtikan. Tuluy céklis dina ieu tabél di handap buku anu bakal kapilih.

Tabel 3.1
Conto Tabél Céklis Buku Sumber

No.	Idéntitas Buku	Katégori Buku
1.	Judul : Panulis : Taun medal : Pamedal :	1. Sastra
		2. Bahasa
		3. Strukturalisme
		4. Carpon
		5. Atikan karakter
		6. Méhode Panalungtikan

Tabél Struktural

Tabel 3.2

Téma

No.	Téma	Cutatan	Kode Data
			UdM/KC/PD

Tabel 3.3
Fakta Carita

No.	Fakta Carita	Cutatan	Kode Data
			UdM/KC/PD

Tabel 3.4
Sarana Carita

No.	Sarana Carita	Cutatan	Kode Data
			UdM/KC/PD

Tabel 3.5
Ajén Atikan Karakter

No.	Sikep	Kode Data	Cutatan	Ajén Atikan Karakter Nurutkeun Kemendikbud																	
				1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18
		UdM/ KC /PD																			

Katerangan:

1 = *réligius*;
2 = *jujur*;
3 = *toléransi*;
4 = *disiplin*;
5 = *kerja keras*;
6 = *kréatif*;
7 = *mandiri*;

10 = *semangat kebangsaan*;
11 = *cinta tanah air*;
12 = *menghargai prestasi*;
13 = *bersahabat/komunikatif*;
14 = *cinta damai*;
15 = *gemar membaca*;
16 = *peduli lingkungan*;

8 = *demokratis*;
9 = *rasa ingin tahu*;

17 = *peduli sosial*;
18 = *tanggung jawab*

UdM = *Ulin di Monumén*

KC = Kaca

PD = Pada

3.4.2 Instrumén Panalungtikan Ngolah Data

Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina ngolah data nyaéta kartu data. Kartu data mangrupa instrumén anu dipaké pikeun ngébréhkeun data dina wangun cutatan-cutatan carita nu aya dina kumpulan carpon *Ulin di Monumén* karya Tetti Hodijah. Ieu di handap conto gambaran kartu data anu bakal digunakeun dina panalungtikan.

Kartu Data Analisis Struktural

Tabel 3.6

Kartu Data Analisis Téma

Kode data : UdM/Kc/PD Téma : Cutatan :

Tabel 3.7

Kartu Data Analisis Fakta Carita

Kode data : UdM/Kc/PD Fakta Carita : Cutatan :
--

Tabel 3.8

Kartu Data Analisis Sarana Carita

Kode data : UdM/Kc/PD Sarana Carita : Cutatan
--

Tabel 3.9

Kartu Data Analisis Ajén Atikan Karakter

Kode data : UdM/Kc/PD Ajén Atikan Karakter : Cutatan : Analisis :

Keterangan:UdM = *Carpon Ulin di Monumén*

KC = Kaca

PD = Pada


3.5 Data jeung Sumber Data

Sumber data nurutkeun Arikunto (2014, kc. 172) nyaéta subjék nu nyadiakeun data pikeun diulik. Sumber data téh kabagi jadi dua nyaéta sumber data primér jeung sumber data sékundér. Sumber data primér dina ieu panalungtikan téh nyaéta kumpulan carpon Ulin di Monumén karya Tetty Hodijah. Kumpulan Capon Ulin di Monumén mangrupa carpon anu dilélér Hadiah Samsodi dina taun 2018. Sedengkeun pikeun data sékundér dina ieu panalungtikan téh ngawengku buku, jurnal, artikel, skripsi, tésis, kritik sastra jeung literatur-literatur séjénna anu medar ngeunaan ajén atikan karakter jeung struktural.

Anu jadi sampel dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh judul carita pondok dina buku kumpulan carita pondok *Ulin di Monumén* anu diwincik dumasar kana téma caritana. Dina ieu kumpulan carita pondok téh mibanda sababaraha téma anu ngawengku dina ieu buku.

3.5.1 Idéntitas Data

Anapon data dina ieu panalungtikan nyaéta eusi carita sagemblengna nu aya dina kumpulan carita budak *Ulin di Monumén* karya Tétti Hodijah kalayan idéntitas



Gambar 3.1 Buku Kumpulan Carpon Ulin di Monumén

Judul Buku	: <i>Ulin di Monumén</i>
Pangarang	: Tétti Hodijah
Pamedal	: PT Kiblat Buku Utama
Taun Medal	: 2017

Carpon *Ulin di Monumen* téh mangrupa kumpulan carpon barudak karangan Tetti Hodijah, pangarang wanoja Sunda anu kawilang produktif. Eusina aya 10 judul carita budak kalayan rupa-rupa tema jeung kasang tukang. Di antarana, barudak sakola nu arulin atawa nganjang ka hiji tempat basa keur widya wisata (*study tour*), budak ogo sagala hayang diturutan, barudak nu resep ulin jeung babaturanana, sambung rasa budak jeung sato piaraanana, budak kaleungitan kanyaah indungna, jst-na. Carita-carita dina ieu kumpulan carpon teh euyeub pisan ku ajén atikan jeung amanat pikeun barudak. Ogé hadé deuih dibaca ku kolot-kolotna.

3.5.2 Idéntitas Pangarang

Tétti Hodijah lahir di Cikalong, Tasikmalaya, 20 Juni 1960. Tétti Hodijah salah saurang pangarang/sastrawati Sunda. Riwayat pendidikanna ti mimiti Sakola Dasar di SDN Cikadu, SMPN Cikalong, sarta nuluykeun ka Sekolah Menengah Industri Kerajinan (SMIK) Tasikmalaya jurusan Batik (tamat 1981), tuluy nyuprih élmu di FKIP Uninus Bandung, Prodi Bahasa dan Sastra Indonesia. Tuluy ayeuna ngajar di SMPN 1 Cikalong, Tasikmalaya (1983).

Tuluy Tétti Hodijah digawé di Bidang Permuseuman, Sejarah, dan Kepurbakalaan (PSK) Kanwil Dépdikbud Provinsi Jawa Barat, nu ditugaskeun di Museum Negeri Jawa Barat Sri Baduga ti 1984 nepi ka taun 2014. Ti Museum Sri Baduga, Tétti Hodijah dipindahkeun deui tugasna ka Balai Cagar Budaya Nilai Budaya dan Sejarah (BPCBNBS). Tétti Hodijah ogé aktip jadi salasahiji Unit Pelaksana Téknis Dinas Pariwisata dan Kebudayaan (Disparbud) Provinsi Jawa Barat, sarta mantuan bidang Humas ti taun 2014 nepi ka ayeuna.

Tetti Hodijah mimiti ngarang dina basa Sunda taun 1980an, nyaéta jaman masih sakola di Tasikmalaya. Karangan nu pangheulana ditulis nyaéta wangun carpon jeung kolom. Karanganna dimuat dina Manglé, satuluyna dina Kalawarta Galura, Kujang jeung Giwangkara. Salian ngarang dina basa Sunda, Tétti Hodijah ogé nulis dina basa Indonésia, boh carpon boh artikel nu dimuat dina sababaraha media di antarana Suara Daérah, Mitra Désa, Mingguan Pelajar, jeung Bandung Pos. Tétti Hodijah ogé kungsi jadi Sekertaris Paguyuban Sastrawati Sunda, PATREM ti taun 1990-1996, tuluy jadi Wakil Pupuhu ti taun 1996 nepi ka

ayeuna. Kungsi jadi Bendahara Paguyuban Pangarang Sastra Sunda (PP-SS) taun 1996-2000. Salian ti éta ogé, jadi anggota Wanita Penulis Indonésia (WPI) ti taun 1993. Sababaraha karangan Tétti Hodijah di antarana buku *Batik Nan Cantik* (1997), buku kumpulan carpon *Sariak Layung, Pasaduan* (2006), jeung *Peuting nu Éndah* (2016), sarta buku kumpulan carita budak Ulin di Monumén nu nyangking Hadiah Samsodi dina taun 2018.